

BABWIRE KO NDABAKUNDA

Ukwakira Ihishurwa ry'urukundo
rw'Imana kuri wewe



JOYCE MEYER

UMWANDITSI YASHIMWE N'IKINYAMAKURU
NEW YORK TIMES

Unless otherwise indicated, all Scripture quotations are taken from
THE AMPLIFIED BIBLE: Old Testament.

Copyright © 1962, 1964 by Zondervan Publishing House
(used by permission); THE KING JAMES VERSION; and from
THE AMPLIFIED NEW TESTAMENT

Copyright © 1958 by the Lockman Foundation
(used by permission).

Copyright © 2014 by Joyce Meyer Ministries – South Africa

All rights reserved. No part of this publication may be
reproduced, distributed, or transmitted in any form or by any means,
or stored in a database or retrieval system, without the prior written
permission of Joyce Meyer Ministries – South Africa.

Joyce Meyer Ministries – South Africa
PO Box 5, Cape Town, 8000

Phone: +27 (0) 21 701 1056
Website: www.joycemeyer.org

Go to tv.joycemeyer.org to watch Joyce's messages in a
variety of languages

Tell Them I Love Them – Kirundi
Not For Resale

<i>Intangamarara</i>	4
1. Imana Iragukunda!	6
2. Mbega ndi mwiza bihagije?	11
3. Urukundo ni imigenderanire	17
4. Urukundo, ukwizigirana, ukwizera	22
5. Ukuva Mu Buja Bw'ubwoba	27
6. Urukundo Ruseruka Hanze	31
7. Urukundo rw'imana Ruzoguhindura	35
Ku Ngena ka Vutomi Lerimpswa	38
Amasengesho yo Kwakira Agakiza	40
Ibijanye N'umwanditsi	41

INTANGAMARARA



Ndizera ko ico abantu bakeneye kurusha ibindi vyose ari uko Imana ibahishurira urukundo rwayo, umwe wese ku giti ciwe. Gutahura ivyo biduha urufatiro rukomeye, no kuba mu migenderanire myiza n’Imana hamwe n’intsinzi mu buzima bwacu rukristo. Ntidukeneye “ubumenyi bwo mu mutwe” kugira ngo tumenye urukundo rw’Imana, ariko dukeneye kumenya gusa ko Imana iduhishurira mu mitima yacu urukundo rwayo. Mpwemu Yera wenyene ni we ashobora kubikora kandi azobandanya kubikora mu gihe twiyumvira ku rukundo rw’Imana, no mu gihe tuzokwemera urukundo rw’Imana mu kubaho kwacu no mu kurondera ukwo guhishurirwa biciye mw’Ijambo ryayo hamwe no mu gusenga.

Ukwemera ko urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo Yesu Kristo gupfira ivyaha vy’abari mw’isi yose biroroshe. Yamara kwemera ko Imana igukunda cane ku buryo Imana yari kurungika Yesu kugupfira naho wari kuba ari wewe wenyene uri mw’isi biragoye.

Inyuma y’imyaka myinshi ndi Umukristo atagira amahoro, narahavuye ndahishurirwa urukundo Imana inkunda. Imana yaranyihishuriye mu buntu bwayo biciye muri Mpwemu Yera, inyereka urukundo rwayo inkunda ku giti canje. Iryo hishurirwa ryarahinduye ubugingo bwanje bwose hamwe n’imigenderanire yanje n’Imana.

Isengesho ryanje n’uko ni wasoma kino gitabu, wohishurirwa urukundo rw’Imana wewe ku giti cawe. Nogutera intege ko

wogisoma witonze, maze kikirongorere mu kumenya cane ico Bibiliya ivuga ku rukundo rw’Imana congere kandi kigufashe mu kurimbura ku mirongo yo muri Bibiliya no ku vyiyumviro biri mu mpapuro zikurikira.

Imana iragukunda cane kandi iragomba ko umenya kandi ukaba mu rukundo rwayo imisi yose, mu bice vyose vy’ubuzima bwawe, nk’uko nanje yabinkoreye. N’uko rero iki gitabu ndakigushikirije nicishije bugufi, nzi neza ko ataco ndi co ntari mu Mana, kandi ko uguhishurirwa no gutahura kwose mfise mw’Ijambo ryayo ata handi kuva atari mu buntu bwayo gusa.

1



IMANA IRAGUKUNDA!

“Kuk’urukundo Imana yakunze abari mw’isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w’ikinege, ng’umwizera wese ntaz’apfe rubi ariko ahabwe ubugingo budashira.” - YOHANA 3:16

Imana irashaka umuryango kandi irashaka kutubera Data. Twaremwe kugira ngo tugiriranire imigenderanire na yo, maze gurtyo tuyibere abahungu n’abakobwa, kugira ngo tubeho ubugingo busagutse, ari bwo bwatumye Kristo apfa kugira ngo tuburonke. Ibi rero bisigura ko Imana ishaka ko twobaho kubwayo, tukayisunga, tukayikunda, maze kandi tukayireka na yo ikadukunda. Imana irashaka ko tuyizigira kandi iyo dufise ibitugoye yipfuzza ko tuyegera. Imana irifuzza kugiriranira imigenderanire myiza n’umwe umwe wese muri twebwe ku giti ciwe.

Abenshi muri twebwe twiyumvira kuri Yohana 3:16 mu buryo bw’ikivunga. Tukavuga tuti: “Oh, ego ndazi ko Yesu yapfiriyeye isi.” Mugabo ijambo “isi” si ikivunga c’abantu Yesu yapfiriyeye. Yapfiriyeye umwe umwe wese muri twebwe. Yaragupfiriyeye!

Ukuri n’uko n’iyo wari kuba uri umwe gusa muri iyi si, Yesu yari kugupfira. Yari guca muri irya mibabaro yacyiyemwo kugira

ngo agukize. Imana iragukunda cane, kandi urukundo rwayo ni urw'ibihe vyose. - (raba Yeremiya 31:3).

Igihe kimwe nariko ndagendesha imodoka, maze Imana ivugana n'umutima wanje iti: “Joyce, uri imbonero y'ijisho ryanje.” Buno nyene ijwi ry'umwansi Satani rica rimbwira ngo: “Mbega aho ubwo si ubwibone? Mbega wibaza ko uri igiki?” Nca nibwira ko ntari nkwiye kwiyumvira gurtyo.

Igihe tumenye ko turi abantu badasanze kandi ko du se ingabire z'Imana zitangaje, ubumenyi n'ubushozi bitangaje, ivyo bituma twiyumvira mu buryo buhushanye n'uko ubwacu twiyumvira ko turi. Ariko ukuri n'uko umuntu wese atandukanye n'uwundi, yaremwe n'Imana mu buryo yisangije. Imana irakunda ubudasa bwacu, kandi yakuremye ngo ube uwudasanzwe, bisobanura ko idashaka ko wigereranya n'abandi canke ngo ugerageze kwigira nka bo. Yakuremye uri umuntu adasanze!

Nkiriko ndiyumvira ku vyo Imana yavuganye n'umutima wanje, nabonye ishusho y'umukenyenzi ari mw'iduka i ruhande y'ikirundo kinini c'ivyamwa bita pomme. Amaze kuvyitegereza yaciye yakira icamwa abona ko ari ciza kurusha ibindi. Natahuye ko Imana yagomvye kunyigisha ko ndi “pomme” nziza kurusha izindi zose imbere yayo. Ndi umuntu adasanze. Ivyo womengo si vyo, ariko ni ko Imana ibona umwe umwe wese muri twebwe. Mugabo ivyo ntibisobanura ko uri igitangaza kurusha abandi, kuko bo atari beza. Yamara Imana ivuga ko twese turi abantu badasanze. Ivyo Imana irabivuga mw'Ijambo ryayo, kandi Ijambo ryayo ni iry'umwe umwe wese muri twebwe. Uri imbonero y'ijisho ry'Imana.

Muri ako kanya, sinigeze ntahura ico Imana yariko iragerageza kubarira kubera yuko ico gihe naciye nibwira ko atari vyiza kwiyumvira ivyiyumviro vyiza nk'ivyo kuri jewe. Haheze imisi

ibiri, naruguruye Bibiliya yanje, nsoma muri Zaburi 17:8. Ico gihe wamengo uyo murongo uriko urandaba mu maso. Havuga ngo: “Unzigame nk’imbone y’ijisho ryawe, umpishe mu gitutu c’amababa yawe.” Ako kanya naciye mvuga nti: “Yoo, ni Imana ivuganye nanje. Ndi imbonero y’ijisho ry’Imana.” Igihe cose niyumviriye kuri iryo jambo, nca numva ko ndi umuntu adasanzwe. Mbega none urazi ko uri umuntu w’igiciro imbere y’Imana kandi ko Imana igomba ko wiyumva ko udasanzwe, ufise agaciro, uri akatabonwa na bose, kandi ko ufise umuntu agukunda?

Abantu baripfuzwa mu mitima yabo gukundwa. Uko ni ko Imana yaturemye. Abantu benshi barizera ko Imana ikunda abari mw’isi, kandi ko Imana ikunda Yesu, ariko bikabagora kwizera ko Imana ibakunda bo ubwabo. Ijambo ry’Imana riratangira ko Imana idukunda nk’uko ikunda Yesu. Muri Yohana 3:16 harabitswe. Imana irashaka gusuka urukundo n’imigisha yayo mu buzima bwacu co kimwe nk’uko ibikorera Yesu kuko imukunda kandi ikamuhezagira. Muri Yohana 5:20 havuga ngo: “Kuko Se akunda Umwana, akamwerekana ivyo akora vyose ubwiye, kandi azomwerekana ibiruta ivyo kugira ngo mwebwe mutangare.” Muri uyo murongo Imana ivugaga iti: “Ndiko ndakora ivyo bintu vyose bihambaye nciye muri Yesu, mbere n’ibiruta ivyo muri Yesu, kugira ngo mutangare.” Imana irashaka kudutangaza mu gukora ibintu bihambaye kugira ngo itunzezeze.

Akenshi turasoma ivyo vyanditswe ariko ntitwigera dutahura ico Imana ishaka gukora, atari kubwacu gusa, ariko cane cane ivyo ishaka gukorera muri twebwewe. Imana irashaka ko turaba ibihambaye yakoreye muri Yesu kandi ngo twizere ko yipfuzwa gukorera muri twebwewe ibihambaye biruta ivyo. Muri Yohana 14:12, Yesu avugaga ati: “N’ukuri n’ukuri ndababwirako: unyizera, ibikorwa jewe nkora na we azobikorera kandi azokora ibibiruta kuko jewe ngiye kwa Data.”

Ku musi ku musi Imana irakorera abantu ibikorwa bihambaye kuko ibakunda, yamara bo ntibigera babibona na gato. Nk’akarorero, iyumvire kuri ibi: iyo izuba riserutse ku musi ku musi, riserukira wewe na nje. Amashurwe y’uburyo bwose arashurika, agashariza aho tubaye maze bikadutera umunezero. Isi Imana yaremye ni nziza cane kandi irashaka ko tuyinezererwa! Mw’Itanguriro 1 havuga ko Imana yahaye umuntu kuganza isi kandi yamubwiye gukoresha ibiri kuri yo vyose mu gukorera Imana n’abari muri yo bose. Iyo imvura iguye, iba iguye ku bwawe. Igihe c’urushana kigeze naho, kiza ku bwawe. Intambuko zawe zirongorwa n’Imana kandi ihoza ijisho ryayo kuri wewe.

Mu gitabu c’Ugusubira mu Vyagezwe 7:9 havuga ngo: “Nuko rero mumenye yuko Uhoraho Imana yanyu, ari Imana.” Imana idukunda urukundo ruda se ikintu na kimwe rufatiye kandi rw’ibihe vyose. Abenshi muri twebwe biyumvira yuko bamaze kunaniza Imana kubera amakosa n’intege nke zabo, ariko ivyo ntibishoboka. Ivyo wokora vyose, ntushobora kubuza Imana kugukunda. Urukundo si ikintu Imana ikora, ahubwo ni ko kamere kayo, ni kwo iteye.

Ni waba wibaza ko uri umuntu mubi cane ku buryo Imana idashobora kugukunda, uribeshya cane. Nta cobo kirekire cane wogwamwo ngo bitume Imana idashobora gutuma ukuboko kwayo ngo igukureyo. Irafise umugambi wo gusubira kugukomeza. Ni wayisaba bivuye ku mutima ntizoguharira ivyaha vyawe gusa, ahubwo izovyibagira yongere ibikureho nk’uko mu buseruko hitereye kure y’uburengero (raba Zaburi 103:10-12). Kumbure urashobora kuvuga uti: “Jewe narakiriye Yesu mu mutima wanje, kandi ndamukunda.” Mugabo ikibazo nkubaza ni iki: Ukwizera kwawe ko Imana igukunda kungana gute?”

Urukundo rw’Imana rw’ibihe vyose kandi rudafise ico rushingiyeko ni ubutumwa bworoshe, yamara kandi ni rwo rufatiro itegerezwa

kubanza gushiraho mu buzima bwawe kugira ngo utahure ibindi bintu. Nibaza ko ari intango y'ugukira kwose mu buzima bwacu. Ivyo wokwiga vyose n'uko woronderana umwete kugira ngo umenye ivy'Imana, ni waba udashobora kwemera yuko Imana igukunda ata co igusavye, ntuzotera imbere mu kugendana na yo. Twakira ivy'Imana biciye mu kwizera, ariko kandi n'ukwizera na kwo gukorera mu rukundo (Ab'i Galatiya 5:6). Rero, igihe tutazoba turashika ku rugero rwo kwakira urukundo rw'Imana, ntituzoshobora kwakira ikindi kintu.

Urukundo rw'Imana ruradufasha kandi kubaho tudafise ubwoba (raba 1 Yohana 4:18), ico na co ni ikintu nkenerwa mu kuronka umunezero mu buzima bwacu no gushitsa intumbero y'ubuzima bwacu. Mbega uriteguye kwakira urukundo rw'Imana ku buntu? Ntirugurwa; ntushobora kurugura ukoreshye ibikorwa vyiza.... Ikintu conyene ushobora gukora ni ukwakira, ukwakira, ukwakira gusa.

2



MBEGA NDI MWIZA BIHAGIJE?

“Ukwo kwizera ntigutetereza, kuk’urukundo rw’Imana rwasutswe hose mu mitima yacu na Mpwemu Yera twahawe. Tugifise intege nke, mu gihe gikwiye Kristo yapfiriye abatubaha Imana. Kwar’ibigoye k’umuntu apfira umugororotsi, umunyangeso nziza kumbure umuntu yotinyuka kumupfira: arikw’Imana yatweretse urukundo rwayo idukunda, kuko Kristo yadupfiriye tukir’abanyavyaha. Nuko none tumaze gutsindanishirizwa n’amaraso yiwe, tuzorushiriza guheshwa na we gukizwa uburake bg’Imana. Ko twujuje n’Imana n’urupfu rw’Umwana wayo, tukir’abansi bayo, none tumaze kwuzura nayo, ubugingo bgiwe buzorushiriza kudukiza.” - ABAROMA 5:5-10

Biroroshe kwizera ko Imana idukunda mu gihe tutaba twakoze amakosa. Ingorane ni uko abantu benshi batikunda maze bikabatera kwiyumvira ko Imana itabakunda namba. Ariko Bibiliya iravuga iti: “Mbega umuntu ni iki aho umwibuka?” (Zaburi 8:4). Turi ibiremwa vy’Imana, kandi mu majambo make, iradukunda kubera ko idukunda. Imana ni urukundo (raba IYohana 4:16). Imana idukunda gusa kuko ibishaka!

Imana iragukunda kandi uri uwuhambaye. Ivyo bisigura ko wewe utandukanye n’abandi, ufise ico wisangije. Ntutegerezwa kumera

nk’uko jewe meze, kandi nanje sintegerezwa kumera nk’uko nawe umeze. Asangwa mu kubaho kwawe uzokwama wigereranya n’abandi kandi ngo uhiganwe nabo, uzobaho nabi cane. Ivyo rero biha umwansi impigi mu kukubwira ko utari mwiza namba. Ukuri n’uko mu Mana udakeneye kuba mwiza cane ngo ubone kwemerwa. Yesu ni we wenyene ari mwiza bihagije mu kibanza cawe. Yararishe umwenda w’ivyaha vyawe maze yakira igihano cawe wari ukwiriye.

Bibiliya ivuga ko asangwa agukunda gushika aho agupfira mbega bingana gute gutsindanishirizwa n’amaraso yiwe? Mbega none ntagukunda? (Raba Abaroma 5:8-9). Imana iragukunda bihagije kuko yatwikiriye ivyaha vyawe vya misi yose kandi ikama ikwoza ukugabitanya kwawe kwose.

Reka ntange akarorero k’ingene niyumvira Imana ibona ivyaha vyacu n’amakosa yacu. Iyumvire umwana mutoya, w’imyaka itatu canke ine, yama araba uko mama wiwe akora ibikorwa vyo mu nzu. Kuko akunda nyina wiwe, aca yakira akadobo k’amazi hamwe n’agatambara agaca aja kw’idirisha ryo kurubaraza. Maze agatangura kwoza neza iryo dirisha, maze akarondera n’udutambara agahanagura n’ayandi madirisha.

Ego, birimvukana ko iryo dirisha risigarako isabuni n’utundi tunenge naho uyo mwana aba yagerageje gukoreshe igitambara ciza nyina aba asanzwe akoresha. Agaca yinjira avuga n’akajwi koroshe avuga ati: “Mama, mama, nojeje idirisha ryawe! Nagukoreye igikorwa ciza, ndagukunda Mama wanje.”

Maze mama wiwe murukundo akamwishura ati: “Yoo, ese ingene wakoze neza! Wakoze neza kumfasha.” Mu gihe rero ako gakobwa katari hafi, nyina aca asubiramwo neza bimwe kari kakoze. Mu nyuma, uwo muvyezi aratera intege ako gakobwa kiwe uko koza karamubaza uko kobigenza kugira ngo gakore neza akazi.

Uko niko natwe Imana idukorera. Irashoboye gukora ibintu vyose neza asangwa tuyikunda kandi nk’uko twahamagariwe nk’uko yabigabiye (raba Abaroma 8:28). Asangwa uriko urakora neza uko ushoboye kwose, ico ni co Imana ikwitezeko. Irashoboye kandi izogufasha gutera imbere ni wabandanya kuyirondera. Izoguhindura ugire ishusho yayo, igukure mu bwiza igushire mu bundi (raba 2 Ab’i Korinto 3:18).

“Uwo Imana yatumye, ni we avuga amajambo y’Imana, kukw’idatanga Mpwemu ku ngero. Se arakunda Umwana, kandi yamuhaye vyose, abishira mu kuboko kwiwe.” (Yohana 3:34-35)

Igihe kimwe nariko ndiga kuri uyu murungo, narakoroye amosozi y’umunezero kuko nari menye ko Imana itaduha Mpwemu wayo ku rugero. Ntiyaduhaye ingero ntoya y’ibi canke iyindi ya biriya. Ni inyabuntu ikunda gutanga ibirengeye ivyo dushobora gusaba canke kwiyumvira. (raba Abanyefeso 3:20)

Mu Gusubira mu Vyagezwe 7:6-7, Imana ivuga iti: “Kuko muri ihanga ryera ryarobanuriwe Uhoraho Imana yanyu yabatoranije mu mahanga yose yo mw’isi ngo mube ihanga yiharije, icatumye Uhoraho abakunda akabatoranya, si uko mwarusha ayandi mahanga yose ubwinshi mbere mwari ubusa hanyuma y’ayandi yose.”

Ico ni ikuntu gikwiye kudutera akanyamuneza ntangere. Imana ivuga iti: “Nashize urukundo rwanje kuri wewe, kandi nakubwiye ko uri uwera. Narakubwiye ko uri uwudasanzwe. Naragutoranije, atari uko wewe ubwawe wari mwiza birengeje, ariko ni uko ngukunda.” Mbega urazi ico Imana ishaka kuri wewe uyu musu? Ishaka ko wemera urukundo rwayo. Hagarika kwama ubwira Imana ibintu bibi vyawe kuri yo. Uko biri kwose ivyo ntibitangaza Imana. Igihe yakwiyegereza, yari izi vyose kuri wewe, n’amakosa yose ushobora gukora.

Intambamyi nini ihanze benshi muri twebwe ni uko tutikunda. Kubera ico rero, ntitwizera ko n’Imana idukunda canke ngo twemere ko n’abandi bantu badukunda. Kuko twibaza tuti: “Mbega ivyo bishoboka bite? Sintunganye na gato!” Kandi namba wizera ko uri umuntu mubi cane, kumbure uzoca wigenza nk’inkozi y’ikibi ruhebwa. Ukuri n’uko udashobora gukora ikirengeye ishusho yawe u se muri wewe mu mutima.

Ingorane nari mfise n’uko ntikunda ubwanje hanyuma nkamara igihe kinini ngerageza kwihindura kugira ngo mere nk’uko niyumvira ko noba. Akarorero, nariyumvira ko ndi imvuzi ya cane nca mpitamwo gutangura kuvuga make. Yamara igihe natangura kuba umuntu anumye nacye ntangura kwijirwa maze abantu baca batangura kumbaza igituma ntavuga. Nkaca nibwira mu mutima nti mwambariye ko mfise umunwa muremure, ndiko ndagerageza kuraba ko novuga make. Rero ni mundeke!

Sinokubwira imyaka namaze ndi muri ico gihe kimeze gurtyo mugabo nkaguma mpura n’ingorane ziturutse ku munwa wanje kuko ari jewe nagerageje kwihindura ubwanje. Umwansi Satani yama yiteguye kumbwira ingene ndi umuntu mubi igihe cose ivyo vyanshikira kuko adahengeshanya mu gutuma twama twiyagiriza ikibi no kwicira urubanza. Ubu rero ndatahura ko bitoroshe kwizera ko Imana igukunda igihe uba wakoze ikosa.

Imana ishaka rero ko ubohoka ukwiyagiriza no kwicira urubanza, rero urakeneye ukwizera hamwe no gushira amanga kugira ngo ubohoke. Mbega woba uzi ko ukowokwicira urubanza kwose uko kungana kudashobora kuriha n’ikintu na kimwe ku makosa woba wakoze? Reka ndabisubiremwo: kwizera ko Imana igukunda igihe uba wakoze amakosa biragoye cane.

Satani rero azobandanya kugusesereza agushiramwo ivyiyumviro bikubwira ingene uri mubi. Azokubwira ati: “Ehe raba wacumuye.

Mbega wiyumvira ko uri nde? Imana ntizigera iguhezagira” Iyo wakoze icaha rero azokubwira ati: “Mbega wibaza ko uri nde? Imana ntishobora kuguhezagira na gato... wari ukwiye gukora neza. Ubu nta n’umwe ushobora kubwira ivya Yesu. Imana ntishobora kugukoresha. Kandi ntishobora kwishura amasengesho yawe. Nta ciza na kimwe ushobora gukora.”

Ni mu gihe nk’ico utegerezwa kugira ukwizera no gushira amanga ukavuga uti: “Data, nakoze amakosa, none ndagusavye umparire. Ndagusavye imbabazi bimwe bivuye ku mutima ku vyo nakoze none ndakwinginze ungirire ikigongwe.” Ni vyiza kandi kubwira Satani ko Yesu yarishe igihano c’ivyaha vyawe vyose kandi ko wahariwe, ugahabwa umwidgegemvyo ata gihano kigukurikirana. Ubushobozi bw’Ijambo ry’Imana bukorera mu bugingo bwawe buzokwubaka muri wewe ukwizera maze biguheshe kumwizigira. Uko rero ni kwo uzonzerezererwa ubugingo bwawe maze ubere abandi umugisha!

Ushobora kwama wibaza uti mbega ni kuki nama nkora amakosa cane? Nanje vyaranshikiye kwama nibaza igituma nama nkora amakosa gushika aho nafatiye ingingo yo kureka kwiyagiriza kuri ico. Igihe cose uzofata ingingo ukareka kwiyagiriza ku makosa wakoze bizogufasha kutaba ugikora amakosa.

Kwiyagiriza no kwicira urubanza mu mutima bikugumiza ahantu wama uremerewe ndetse ukagira n’uruhagarara mu mutima ku buryo udashobora kubaho widegemvya. Ivyo rero bituma wama ufise intege nke kandi bigatuma wama uneshwa n’icaha mu buryo bworoshe. Ni co gituma ubwirizwa kuba umuntu ashize amanga mu kwakira ingabire y’Imana ari yo guharirwa hamwe no kwirinda kwama wicira urubanza. Utegerezwa guhitamwo kubeshwaho n’ukwizera mu vyo Imana ivuga mw’Ijambo ryayo maze ugahakana kwama ufise ukwiburanya mu mutima. Umwansi Satani azokwama avuga ati: “Mbega urazi ko utagiye kwiyumva

nabi kubera ico kintu wakoze? Mbega ntiwari ukwiye kwumva umerewe nabi n'amasaha make? Ico ni ikintu kibi vy'ukuri wakoze.” Ariko nawe ico ukwiye kumubwira ni iki: “Oya, simpava mererwa nabi na mba na gato.” Maze rero uce usenga Imana kugira ngo igufashe maze iguhe ubuntu bwayo kugira ngo ushobore kunyiganyiza no kurandura ivyo vyiyumviro. Igihe ca mbere uzoba ubikoze uzonyinyurana na vyo ariko mu nyuma bizokworohera cane.

Muri Yesaya 53, dusoma ko igihe Yesu yikorera ivyaha vyacu kubwacu, yishezeko kandi n'intimba zacu mbere n'urubanza rwacu. Satani ntagomba ko wobaho widegemvya. Ivyo none abikorera iki? Ni kubera yuko igihe ufise ikintu kikwagiriza udashobora kwakira urukundo rw'Imana.

Ukwitsindisha mu mutima bigutandukanya n'Imana kandi kubw'ivyo ntushobora kunezererwa ukubaho kw'Imana muri wewe. Ivyo kandi bigutera kudahanga amaso Imana mugabo ukayagumiza kuri wewe bwite. Urashobora kubaho utaboshwe n'ukwicira urubanza biciye mu kwizera ko igihe Imana yavuga ko ubuntu bwayo buhagije kugira ngo icaha cawe gitwikirwe, yabivuze ibikuye ku mutima. Imana iragukunda, kandi ubuntu bwayo n'imbabazi zayo ni ingabire yaguhaye. Uyu musi n'uzakire!

3



URUKUNDO NI IMIGENDERANIRE

“Natwe twamenye kandi twizeye urukundo Imana idufitiye. Imana n’urukundo; kand’uguma mu rukundo aguma mu Mana, Imana ikaguma muri we.” - 1 YOHANA 4:16

Nk’uko uyo murongo ubivuga, Imana ni urukundo kandi igomba ko tumenya, tukabaho kandi tugashira mu bwenge bwacu ivy’urukundo rwayo. Mbega none ni gute woshira mu bwenge bwawe ivy’urukundo rw’Imana? Uko urukundo Imana igukunda kwoba kungana kwose, igihe utazi ivy’urwo rukundo, ntaco bizokumarira. Ibaze ku munezero umuntu agira iyo hagize uwundi amweretse urukundo rwinshi. Igihe uzi ko hari uwugukunda bigutera kurema. Imana iragukunda kandi igomba kukwereka urwo rukundo. Itumira umwe umwe wese muri twebwe mu kugiriranira na yo imigenderanire ikomeye kandi irashaka ko tuyumvira mu vyo dukora vyose. Kandi Imana iragomba kuyaga natwe nka kurya abantu bakundana baganira ataco binona.

Mbega woba u taniye n’Imana imigenderanire idasanzwe? Igihe tuvutse ubwa kabiri ntiduca tugiranira n’Imana ubwo nyene ubucuti bukomeye. Dutegerezwa gukomeza no guteza imbere imigenderanire myiza na yo, nka kurya tubigenza turi kumwe n’abandi bantu bose.

Namaze imyaka myinshi ndi Umukristo imbere yuko menya ukungendana n’Imana bimwe biboneka ico ari co. Ku musi w’Imana naraja gusenga mbere ngakora n’ibikorwa vyo kwitanga mugabo Imana ntiyari bwabe urufatiro rw’ukubaho kwanje. Naho vyari bimeze uko, ico gihe niyumva ko ngaragara ata kintu kiri muri jewe. Ubu ni co kintu ca mbere niyumvirako mu gitondo kandi ni co kintu ca nyuma nshira mu vyiyumviro mw’ijoro. Ngendana n’Imana ku musi ku musi, kandi nta kindi kintu nshaka atari ugukorera Imana no kuyinezereza.

Mu mutima wa buri muntu harimwo ikibanza gikwiriye Imana, ata wundi ashobora kucicaramwo atari Imana yonyene gusa. Mu bintu vyose woshirako umutima canke wokurikira nta na kimwe gishobora kwuzuzwa ico kibanza. Reka ndagusabe wibaze iki kibazo: “Mbega ubucuti mfitaniye n’Inama burakomeye? Mbega ndifuzza gushira Imana n’ubugombe bwayo imbere y’ibintu vyose? Mbega noshobora kuvuga nk’uko Paulo yavuze mu Vyakozwe n’Intumwa 17:28 ngo ‘Kuko muri yo ari ho tubeshejweho tugenda turi n’ubugingo’?”

Imana iragukunda kandi uri umuntu adasanze imbere yayo. Yakuremye kugira ngo ugiranire imigenderanire myiza na yo, kandi ico ni co cifuzo cayo gihambaye kandi ni bwo bugombe bwayo butunganye ku bugingo bwawe. Uko buri musi utanguye yama yongorerwa umutima wawe iti: “Igitondo ciza, ndagukunda.” Ni waba utarumva ayo majambo, reka ngusabe utangure kwumviriza no kwizera.

Umugenzi wanjye yagereranije Imana Data nk’umuntu agendagenda mu mihana yo muri Amerika igihe abantu bavyutse mu gitondo. Irinjira mu mazu kugira ngo iganire n’abantu yongere ibagire abagenzi. Irakira intebe ikicara. Abantu bagaca bahaguruka, bakaza, bakongera bakagenda; bakaza, bakagenda. Bakaguma babwira Imana bati: “Rindira gato. Mana, guma ngaho

nyene akanya gato. Ni naheza ivyo ndiko ndakora, ndaza tuyage. Ndaza twicarane hanyuma, Mana. Mana, mu kanya ndaza.” Umusi ukira, Imana igaca igenda ibabaye kuko ata muntu n’umwe yaje ngo ayage na yo kuri uyo musu. Umuntu wese aba afatiriwe n’ibintu abona ko bihambaye bigatuma atarondera akanya na gato ko kugumana n’Imana.

Ntuze wigere ufatirwa n’ibindi bintu ngo wime Imana umwanya. Igihe utaronka akanya ko gusenga no kubana n’Imana, uba ufatiriwe birenze uregero. Fata akanya ko kubwira Imana ko uyikunda. Igihe ibintu vyose bizohere, nta wundi muntu azosigara atari Imana. Ni uko biri! Kandi ni waba udafitaniye imigenderanire na yo ukwiye kuyitangura ubu nyene hatararegerana.

Papa aherutse kwitaba Imana, kandi ndanzejwe no kubabwira ko yakiriye Yesu nk’Umukiza wiwe hasigaye imyaka itatu ngo aye. Naho Papa yagiye mw’ijuru, ntiyaronse umunezero wo kubaho ubuzima bunyuma mu Mana. Yabayeho igihe kinini atari kumwe n’Imana yiganza ubwiye. Mwendata, nturorere ngo ushike kw’iherezo ry’ubugingo bwawe kugira ngo uze wicuze ko wataye umwanya mu bintu bitagira ikimazi. Menya ko umwanya ari ingabire duhabwa n’Imana kandi ko dukwiye kuba maso ku kungene dukoresha umwanya wacu. Nk’uko mubizi, umwanya uragenda kandi ntugaruka. Umwanya wo kuba hamwe n’Imana ufise igiciro kinini yamara ibindi bintu vyo mw’isi vyose n’umunezero w’akanya gato mugabo tukawurongora duhaye cane.

Nokugira inama ko wofata ingingo yo kumara umwaka uza wiyumvira ku rukundo rw’Imana, wiga Ivyanditswe bivuga ku rukundo, kugira ngo umenye ingene ushobora kwakira urwo rukundo. Urukundo rw’Imana ruzana ukuroranyirwa, amahoro, umunezero, no guhimbarirwa ubuzima. Kandi Imana iragomba ko turuhuka maze tukanezererwa kwitwa abana bayo.

Ni usome neza imirongo ivuga Imana iyo ari yo kandi wongere urushirizeho kuyimenya. 1 Yohana 4:16 havuga ngo: “Natwe twamenye kandi twizeye urukundo Imana idufitiye.” Kare mu gitondo urashobora kwiyumva muri wewe ko udakunzwe. Kumbure ukavyuka ata nguvu ufise. Ariko kandi ivyo bibaye uca umenya ko bitaja kukworohera kumara umusi wose umerewe gurtyo. Inkuru nziza ihari ni uko, ushobora guhindura uko uba umerewe mu kuvuga amajambo y’ivyizigiro n’ukwizera. Vuga cane uti: “Imana irankunda cane. Ndi imbone y’ijisho ryayo, kandi imfitiye imigambi myiza.” Ni wavuga ivyerekeye Imana n’Ijambo ryayo aho kugira ngo ugumize mu kanwa ingorane zawe n’ingene wiyumva mu mutima, urashobora guhindura umusi wawe wose.

Urakwiye kwibwira muri wewe ivyo kandi ukamenya yuko ukikujwe n’urukundo rw’Imana. Bibiliya ivuga ko ishusho yawe ishushanijwe mu kiganza cayo (raba Yesaya 49:16). Ndashobora kubona Imana ivyagiye mw’ijuru ivuga ngo: “Raba. Ese ingene ari beza! Ndabakunda cane. Raba abana banje, bari mu biganza vyanje.” Uri aho mu biganza vyayo uri nk’icibutso c’uko igukunda kandi yifuzza kugiranira na we imigenderanire.

Wame wibuka gushimira Imana no gukomeza imigenderanire yawe na yo. Rimwe na rimwe hari igihe bigusaba guhagarika ivyo wariko urakora vyose, hanyuma ugafata akanya ko gukengurukira Imana kubera ko wayimenye maze ukongera ukayibwira ko ari igitangaza. Hwekera hanyuma ukunde Imana. 1 Yohana 4:16-17 havuga ngo: “Imana n’urukundo; kand’uguma mu rukundo aguma mu Mana, Imana ikaguma muri we. Ico ni co kimaze guhingura urukundo muri twebge, kugira ngo tuze dushire ubwoba ku musi w’amateka, kuk’ukw’ari, ari ko turi mur’iyi si.”

Ukumenya ko Imana igukunda bituma urema muri yo kandi bikagufasha kwizigira ubwizigirwa bwayo. Imigisha yose igufitiye izozanwa n’uko ureka Imana ikagukunda: ukwizera

gukuze, ukunesha icaha, amahoro mu mutima, ugukira, ubuzima bwuzuye ingabire zayo, n’umunezero. Ivyo nta kindi kibizana atari ukureka Imana ngo igukunde. Akenshi ivyo turabica ku ruhande maze tukiyumvira tuti, ego, ntegerezwa gukunda Imana. Ariko jewe nibaza ko ukwiye kureka Imana ikagukunda ubwa mbere. Sinibaza ko ushobora kugaragaza urukundo rwawe ku Mana mu gihe utarareka ngo Imana igukunde. Bibiliya ivuga yuko dukunda Imana kuko ari yo yabanje kudukunda (raba 1 Yohana 4:19).

Igihe tumenye ko Imana idukunda maze tukakira urwo rukundo rwayo, turashobora natwe guca tuyikunda. Maze tugaca tugiriranira ubumwe. Urashobora kwibaza uti: “Ni gute nogiriranira ubumwe n’Imana?” Igihe Imana yambwira kugiriranira ubumwe na yo, nacye nicara ku ntebe maze ndavuga nti: “None ga Mana, nkore iki?” Ivyo ni vyo! Sinari nzi ingene nogiriranira ubucuti n’Imana kubera yuko ico gihe sinari nzi ingene urukundo Imana inkunda rungana, kandi sinatahura ko Imana igomba ko mba umugenzi wayo kandi ko nkwiye kugumana na yo. Uko narushirizaho kumarana umwanya na yo, ngasoma Ijambo ryayo kandi rimwe rimwe nkicara ncereje mu bwiza bwayo ata kindi nkora, nacye menya ingene nshobora kunezererwa ubucuti bwanje n’Imana.

Rero nawe nogutera intege yuko wotera intambuko ugatangura. Ni uhe Imana akaryo, maze na yo izokwigisha ingene ushobora kugiriranira na yo imigenderanire. Sindiko ndagerageza kukwereka intambuko z’ingene bigenda. Sinshaka kukubwira ngo ica mbere, ica kabiri, ica gatatu ni iki. Ndagomba yuko urongorwa na Mpwemu Yera. Imana irashaka ko unezereranwa na yo. Kandi nk’uko vyanditswe mu Banyefeso 3:17, umutima wawe ni inzu ya Kristo.

4



URUKUNDO, UKWIZIGIRANA, UKWIZERA

“Kuko muri Kristo Yesu, ar’ugukebga, ar’ukudakebga, bitagira ikimazi; ikigira ikimazi n’ukwizera gukoreshwa n’urukundo.” - Ab’i GALATIYA 5:6

Abenshi muri twebwe tumara umwanya munini mu kugerageza kuronka ukwizera. Turazi ko tudafise ukwizera tudashobora guhimbara Imana (Abaheburayo 11:6), nuko rero turakora, tugakovya, tukarwana ngo turonke ukwizera, ariko kandi ukwizera gukurira mu mitima yacu tukaba rero tukuronka biciye mu migenderanire myiza no gukunda kugira ubucuti n’Imana no kwumva ijambo ryayo. Vyose biva ku guhishurirwa n’Imana gusa. Sinoshobora na gato kubigisha ukwizera ariko nshobora kubigisha intambuko z’ukwizera maze bigutere inzara yo kuronka ukwizera. Ukwizera ntitukwakira biciye mu kiganza c’Imana.

Birakenewe ko duhagarika indwano ziruhije zo kurondera ukwizera no kugerageza guhimbara Imana, maze tukagerageza guha umwanya wacu wose n’inkomezi zacu Imana, mu kuyikunda no mu kwakira urukundo rwayo.

2 Korinto 5:7 havuga ngo: “Kuko tugenda turongorwa n’ukwizera

ntiturongorwa n’ivyo tubona.” Igihe nasoma aya majambo numvise Imana imbwiye ikintu gikomeye cane mu mutima wanje. Yanyeretse ko atari ukugomba kwanje no kugerageza kugendera mu kwizera bikenewe. Aya majambo avuga ko ngendeshwa n’ukwizera biciye mu bumwe dufitaniye n’Imana. Hagarara gato maze wibaze uko wiyumva mu migenderanire yawe n’Imana. Umuntu wese yibarira ko ubwiwe agorotse imbere y’inyonga z’Imana, ntaze yitege ukugendera mu kwizera. Twagizwe abagorotsi biciye mu kimazi Imana yatanze ari co Yesu Kristo (2 Korinto 5:21). Ukugororoka kwacu ntiguhagaze ku vyo twakoze canke ku vyo tuzokora. Ahubwo guhagaze ku gikorwa Yesu yakoze. Umuntu wese yiyumvira ko ari mubi, ko adashobora guhimbara Imana kandi akama aneshwa kandi akiyumvira ko Imana itamukunda, uyo ntashobora kugendera mu kwizera.

Mu Bigalatiya 5:6 havuga ko ukwizera gukorera mu rukundo. Abantu benshi biyumvira ko ivyanditswe bivuga ko namba bashobora gukunda abandi, ivyo bizotuma ukwizera gukorera muri bo kandi ko bashobora kuronka ivyo bipfuzwa vyose biva ku Mana. Uko biri kwose, Imana ishaka ko tugendera mu rukundo, ivyo na vyo ntibishoboka tutemeye kureka ngo Imana igaragaze urukundo rwayo muri twebwe. Ivyo biroroshe cane: ntidushobora gutanga ico tudafise. Naragerageje imyaka myinshi kugendera mu rukundo rw’abantu kuko nari nzi ko ari itegeko ry’Imana ariko narashoboye kwakira urukundo rw’Imana rutagira akagero. Uko narushirije kwiyumva amahoro, ni ko nashobora kwereka abandi bantu urukundo rwiza. Umaze kumenya urukundo Imana igukunda, ntibizoba bikikugora kwakira ibiva ku Mana no kumarwa ubukene bwawe. Ikintu gituma abantu batagomba kwakira ubuntu bw’Imana ni uko batizera rwose ko Imana ibakunda kandi ko igomba kubamara ubukene ngo ibahezagire. Wari ukwiye kuvuga uti: “Ndashaka kwizera ivyo, ariko none ndabigenze gute?” (1 Yohana 4:19). Ntivyoshobotse ko nawe

wokunda Imana igihe wobaye udafise ikintu kikwizeza ko Imana yagukunze ubwa mbere.

Urukundo rw’Imana ruri i bwina mu mutima wawe, kandi ivyo uzobimenya igihe utanguye kwibona nk’uko Imana ikubona. Imana irakubwira iti: “Urahambaye, uri mwiza cane, ufise ingabire kandi uri uw’igiciro kuri yo.” Imana iragukunda, nta wundi muntu kuri iyi si agukunda nk’uko Imana igukunda. Uko uzobandanya kwiyumvira ku rukundo rw’Imana ni ko uzoshobora gukomeza ukwizera kwawe kandi uzobaho ubugingo Imana yaguteguriye.

Nta wundi muntu ukeneye kiretse Imana, ariko izoshira abandi bantu mu buzima bwawe. Ukuri kw’ivyo vyose n’uko iyo aba ata bandi bantu bariho kiretse Imana na wewe gusa, womerewe neza. Imana izokubera umugenzi mwiza ni waba ata wundi ufise. Imana izokubera so na nyoko utigeze kumenya. Imana irimwo vyose ukeneye. Ntuhirahire ngo ukore ikosa mu gusaba Imana ngo igukorere ibintu kanaka ahubwo saba ko iba birushirije mu bugingo bwawe. Usabe Imana ikwuzure mu kubana nayo kwawe (raba Abanyefeso 3:16, 19).

Imana iragukunda kandi iragomba kuguha ivyo ukeneye no gushitsa ivyo umutima wawe wifuza. Ni waguma muri yo izoguha ivyo bintu ikoresheje uburyo bwayo kandi mu gihe cayo (raba Zaburi 37:4). Imana yabwiye Aburahamu ko ishaka kumuhezagira kandi ko izotuma abera abandi bantu umugisha. Ico ni co Imana ishaka kugukorera, ariko utegerezwa kuvyizera! Rekura ukwizera kwawe maze wizere amasezerano yose y’Imana igufitiye!

Ukwizera kuratandukanye n’ibikorwa vya kamere y’umubiri

Mu Banyefeso 2:8 havuga ngo: “Ubuntu ni bwo bwabakijije kubw’ukwizera.” Mbega urazi ko ata na kimwe wakoze kugira ngo ushobore gukizwa? Abenshi muri twe bwe twari abanyavyaha

ruhebwa igihe Yesu yadukiza, kandi ingabire yiwe y'agakiza ntiyari ifatiye ku bikorwa vyiza twakoze canke ku bushobozi bwacu bwo gukora ivyiza. Ahubwo ni ukubera ikintu kimwe gusa: Imana yaradukunze cane bituma itanga Umwana wayo w'ikinege kugira ngo uwumwizera wese ntazapfe rubi ariko ahabwe ubugingo budashira (raba Yohana 3:16).

Ubuntu bushobora gusigurwa nk'icipfuzo c'Imana mu gukoresha ububasha bwayo ku bugingo bwawe kugira ngo bihure n'ivyo ukeneye. Ni kubw'ubuntu Imana yuguhaye ukwizera gukiye kugira ngo ukizwe kandi kubera urukundo rwayo uronke ukwizera ku bindi bintu ugomba canke ukeneye. Urashobora kwifuzako abo ukunda bokwakira Kristo ariko ikiri ukuri ni uko wewe ubwawe udashobora gutuma umuntu uwo ari we wese akunda Imana. Ariko ushobora gusenga maze ugasaba ngo Imana ikorere mu mitima yabo ariko ntushobora namba na gatoya gutuma biba kubw'inkomezi zawe.

Ibikorwa vy'umubiri canke ibintu tugerageza gukora mu nkomezi zacu, akenshi bituma twiyizigira twebwe ubwacu kubera yuko tuba turiko turagerageza gukora icyo Imana yonyene ishoboye gukora. Turakora mugabo ntitoronke umwimbu w'ivyo twakoze. Icyo dukeneye gukora conyene ni uguca bugufi mu bugingo bwacu imbere y'Imana maze tukayisaba ngo idufashe. Bibiliya ivuga muri 1 Petero 5:5 ko Imana irwanya, inaniza kandi igatsindisha abibona, mugabo igaha ubuntu abicisha bugufi.

Ubuntu bw'Imana bufise uruhara ntangere mu buzima bwacu. Twacunguwe kubw'ubuntu biciye mu kwizera kandi ni muri icyo ntumbero twakijijwe, ni yo nzira dukeneye kubamwo imisi yose mu buzima bwacu kubw'ubuntu bw'Imana biciye mu kwizera! Igihe umaze kugira urukundo rw'Imana urufatiro rw'ubugingo bwawe, urashobora rero gutangura kwizigira Imana. Urashobora kugendera mu kwizera, ntugendere mu vyo ubonesha amaso gusa.

Uzomenya mu mutima wawe ko Imana ari iyo kwizigirwa, itigera ita amasezerano yayo. Bibiliya ivuga ko ukwizera ari ukwegamika ubugingo bwawe bwose ku Mana maze ukizera ubushobozi bwayo, ubwenge bwayo hamwe n'ineza yayo (raba Ab'i Kolosayi 1:4). Igihe uzemerera Imana kugukunda, ivyo bizogushobokera. Uko rero imigenderanire yawe n'Imana izorushirizaho gukura, ni ho n'ukwizera kwawe kuzorushirizaho gukura. Uzobona Imana ikorera muri wewe ibintu bikomeye nk'ivyawe ariko vyose bihera ku kugira umuhamagaro n'urukundo rwayo. Imana iragukunda, ntukwiye gukekeranya na gato.

5



UKUVA MU BUJA BW'UBWOBA

“Nta bwoba buba mu rukundo, arik’urukundo ruhinguwe rusenda ubgoba, kuk’ubgoba bugendana n’igihano, kand’ufise ubgoba ntarahingurwa mu rukundo.” - 1 YOHANA 4:18

Mu buzima, Turashobora gushika ahantu twumva tuguwe neza mu kwizera, tukizigira Imana kandi tukumva turemye kuko Imana idukunda. Naho ivyo biri uko, umwansi Satani yama aturungikira ibitero.

Ibihe bidushikira mu buzima bwacu – ibintu bibi bidushikira – ni vyo bishobora gusuzuma ukwizera kwacu kurusha ikindi kintu cose. Abantu bamwe bamwe ntibibagora kwizera ko Imana ibakunda gushika igihe baba bashitse mu bihe bigoye bishobora gutuma bakekeranya ko Imana ibakunda. Aho ni ho rero umwansi aca azana ubwoba no guca urubanza kugira ngo agutandukanye n’ikintu cokugirira akamaro – ico na co ni urukundo rw’Imana. Agaca atangura kukubwira ngo: “None vyagenze gute? Nagira ngo Imana iragukunda. Ni kuki none uriko urashikirwa n’ivyo bintu bibi? Uko biri kwose hariho ikintu kibi wakoze. Imana igufitiye ishavu.”

Mu bihe bigoye vy’amarushwa, ibihe vy’ukuzazanirwa kwinsi

mbere hamwe ukamenga Imana irakurenganije, biroroshe gutakaza icizere uba ufitiye Imana. Imana ntiyama ikora ibintu ku gihe twebwe twiyumvira. Irafise integuro yayo ihambaye kandi inyuranye n'iyacu. Irashaka kudahindura cane nk'uko igomba, guhindura ibihe vyacu bigoye, kandi Imana yama ikoresha ibihe vy'umubabaro kugira ngo yubake ukwizera kwacu muri yo, maze yongere idufashe mu kutwigisha kuyizigira yonyene. Muri ivyo bihe dushobora kudatahura ibiriko biraba kandi tugashobora kugwa mu mutego wo kwiyumvira ko Imana itadukunda. Ico ni co gihe dukwiye kwibuka ko mu Baroma 8:35-39 havuga ko ata kintu na kimwe gishobora kudutandukanya n'urukundo rw'Imana kandi turushaho kunesha kubwa Kristo Yesu. Ikintu ciza dushobora gukora igihe turi mu vyago ni ukuvuga n'ijwi rirenga tuti: “Mana, ndazi ko unkunda, kandi ndazi ko ivyo bizomviramwo ivyiza.”

Hari igihe Imana iteba mu kutubohora gushitsa igihe tuzobona ko igihe carenze. Mbega uribuka inkuru ya Lazaro? Yararwaye ariko Yesu yagumye arindiriye gushika igihe Lazaro yap riyeko imbere yuko aja kumutabara no gutabara umuryango wiwe. Marita yabariye Yesu ko igihe kimaze kurengeana, ariko Yesu yari azi ico ariko arakora maze Lazaro ava mu mva mu buryo bwahesheje Imana icubahiro. Imana ntikorera ku nteguro zacu kandi ntiyigera icerwa na rimwe. Iyo uri mu ngorane mu kubaho kwawe, ukwiye kugumiza ivyiyumviro vyawe ku Mana kandi ugakora mu kwizera. Ntureke ngo ubwoba no gukekeranya bikunyage urukundo rw'Imana ruri muri wewe.

1 Yohana 4:18 ni umurongo uhambaye cane. Havuga ngo: “Urukundo ruhinguye rusenda ubwoba.” Nariyumviriye kuri ayo majambo nongera ndayarimburako cane, kugira ngo ndayatahure, maze umusi umwe natahuye ibi: urukundo ruhinguye rwirukana ubwoba, kandi urwo rukundo ni Imana. Igihe woba uzi ko urwo rukundo ruhinguwe ruri muri wewe ntuzemerera ubwoba

ngo bugukoreshe. Naho bishobora gushika ukagira ubwoba, utegerezwa kubandanya gutera uja imbere uri kumwe n’Imana kuko uzi neza ko yama iri kumwe na wewe.

Umaze kumenya ko Imana igukunda ntuba ugitinya kuneshwa canke kunanirwa. Urafise uburenganzira bwo kugerageza ibintu bitandukanye kuko uzi ko urukundo rw’Imana hamwe no kwemerwa na yo bidashingiye ku vyiza ukora. Mu gihe wisunga Imana ntushobora gutsitara ngo unanirwe. Ikintu conyene cotuma unanirwa ni igihe woba uri nyamwigendako. Ibintu birashobora kutagenda nk’uko wabiteguye, yamara bizogenda neza ni wagumiza amaso yawe ku Mana. Igihe rero uzi ko Imana igukunda, ntuzotinya kugwa no kunanirwa canke kwankwa, canke ukuburanirwa, canke ngo utinye kahise canke kazoza canke ikindi kintu cose.

Urukundo rw’Imana ni runini ku buryo rutwikira ibintu vyose. Mbega woba wiyumvira ko iyo Mana yagukijije ikongera ikakubohora izokureka ukananirwa? Mbega yopfa kuguta ukwo nyene itagufashije? Satani ni we mwansi w’imitima yacu. Ni umusahuzi kandi ni umubeshi ariko Imana igomba ko tugira ubugingo busagutse kandi tubunezererwe (raba Yohana 10:10).

Muri 1 Yohana 4:14 havuga ngo: “Nta bwoba buba mu rukundo ariko urukundo ruhinguwe rusenda ubwoba, kuk’ubwoba bugendana n’igihano kand’ufise ubwoba ntarahingurwa mu rukundo.”

Igihe Imana yari imaze kuntahuza ko urukundo ruhinguwe rukuraho ubwoba, naciye ntangura kubishira mu ngiro. Imodoka yacu yari igwaye. Twibaza ko hariho icuma nyamukuru capfuye kandi nta mahera yo kugura ikindi twari dufise. Nuko twabandanije kuyigenderamwo, tukizera mugabo ko itazodutembagaza. Igihe kimwe numvise Imana iremesha umutima wanje imbarira ngo:

“Joyce, uyu musi fata umusi ube uwo kunkunda, na we undeke ngukunde. Ntihagire ikindi kintu na kimwe ukora. Ntugerageze kuba umugore w’ukwizera kw’ikirenga. Ico ukwiye gukora ni ukuguma mu rukundo rwanje.”

Nuko, igihe kimwe nariko ndaririmba, ndirimbira Imana, naragize ibihe vyiza. Muri ako kanya numvise umugabo wanjye avugira aho tubika imodoka, ico gihe hari haheze nk’iminota mirongo ine n’itanu agiye ku kazi. Yugurura urugi maze avuga ngo: “Nananiwe gukura imodoka yacu mu gitensi ca mbere. Dutegerezwa gukoresha iyi modoka.”

Naciye nugara urugi ntangura gutwenga kandi mu bisanzwe si ikintu cari gisanzwe kimbako kandi si ikintu nari nateguye muri ako kanya. Vyarizanye. Kubera yuko nari naretse Imana ikankunda uwo musi, narashoboye gutwenga naho hariho ingorane. Kuguma mu rukundo rw’Imana kurugurura urugi rw’ukwizera, mu gishingo c’ubwoba hakaba ukwizera. Naciye ntangura gutwenga kandi ukwo kwari ukwizera. Naratwenze kuko muri jewe naramenye ko Imana idukunda kandi ikaduha n’ivyoye dukenye.

Uko ni ko Aburahamu yatwenze agatwengo ko kwizera. Aburahamu yaratwenze igihe Imana yaza kumubwira ko azovyara umwana w’umuhungu! We nk’umuntu yabona ko bidashoboka ko Sara avyara umwana, yamara yarizeye Imana, maze umunezero wiwe usesekamwo agatwengo.

Nizera ko iyo dukoze durtyo bituma inzugi zuguruka maze Imana ikadutabara mu buryo bw’igitangaza. Ni nde yoshobora gutwenga igihe ari mu ngorane? Bibiliya ivuga ko Imana ivyagiye mw’ijuru kandi itwenga abansi bayo (raba Zaburi 2:2-4). Nimba Imana ishobora kubikora, natwe twobishobora. Tangura rero utwenge agatwengo k’ukwizera. Uko biri kwose Imana iragukunda. Kandi niba Imana iri mu ruhande rwawe, uwokurwanya ni nde?

6



URUKUNDO RUSERUKA HANZE

“Kandi dufise iki cagezwe kuri yo, ng’Ukunda Imana akunde na mwene Data wundi.” - 1 YOHANA 4:21

Uri umwana w’Imana adasanzwe. Ivyo irabikubwira mu Gusubira mu Vyagezwe 7:6. Iyo uzi neza ko uri uwuhambaye ku Mana kandi ukabaho ufise umunezero n’ukudakekeranya bizanwa n’ukumenya ivyo, bigira inkurikizi ku bandi bantu bose bagukikuje. Uzoja mw’isoko n’akamwemwe mu maso, wiyumvira uti ndafise uwunkunda. Vyose ni vyiza mu bugingo bwanje. Ndashobora guhezagiza abandi urukundo numva ruva ku Mana. Urashobora kugira umunezero aho uja hose kandi umunezero wawe uzobera abandi bantu umugisha. Zaburi 100:2 ivuga ngo “Musabe Uhoraho munezerewe.”

Iyo dutanguye kumenya ko turi abantu badasanzwe mu mugambi wose w’Imana maze inyifato n’imigenzo yacu yose ikubakira kuri ukwo guhishurirwa, turashobora kubwira abandi ivya Kristo maze tukerekana urukundo rwiwe mu buryo bukwegera abantu kuri we. Urukundo rw’Imana ruri muri wewe ruzotuma wiyumvira ku bandi kandi ruzotuma ubagirira impuhwe. Urukundo rw’Imana ruri muri wewe ruzokubohora rugukure mu bwoba kandi ntuzotinya gushikira abandi muri urwo rukundo. Ntuzotinya kwankwa canke

ngo hagire ico bigutwara, urukundo rw’Imana ruri muri wewe ruzobona ivyo abandi bakeneye maze rubasange aho bari.

Imana irashaka ko wizera ivyo ivuga, ko izokorera ibikorwa bikomeye muri wewe kubera ko Yesu ari muri wewe. Ni uyizigire kandi wizere ko igomba kugukoresha mu gukunda no gufasha abandi. Wibuke ko urukundo ruhinguwe rwirukana ubwoba none rero ntureka ngo ubwoba bugusubize inyuma. Mbere sinokwirigwa ndakubarira ingene incuro nyinshi nahagaze “ku manga y’ukwizera,” ndi hafi yo gukora ikintu giteye ubwoba, kandi numva umengo Imana yariko irambarira ngo: “Joyce, n’uze, ntutinye. Nzokorera ibihambaye muri wewe. N’uze.”

Igihe cose natambutse mu kwizera nkemera ngasimbiramwo, nta na rimwe Imana yigeze impeba. Mbega urazi igituma ntagirira ubwoba bwo gutera intambuko sintinye kugwa? Ni ukubera yuko nzi ko Imana inkunda. Irankunda, kandi irazi ko nanje ndayikunda, kandi mu buntu bwayo ubugingo bwanje naburekuriye muri we.

Ni waba umaze gukora ivyo, ukaba ukunda Imana kandi na we ukaba uzi ko igukunda, nta ngorane urashobora kuneshereza muri Kristo.

Ni waba vy’ukuri ufise inyota yo gufasha abandi bantu, Imana izogushigikira kugira ngo ubafashe. Si ngombwa ko ubanza kuba umuntu w’ubushobozi bwinshi, yamara ukeneye kwiyegurira Imana maze na yo igakora ibisigaye. Urashobora kwiyumvira ko ingabire zawe ari izisanzwe, mugabo ukwiye kumenya ko hari igihe mu bintu bito-bitu havamwo binini-binini.

Ntubeho ubuzima bwo kwikunda ngo bitume n’inkomezi zawe zose uzihereza kuri wewe no kwimara ubukene wewe ubwawe. Bwira Imana ivyo ukeneye hanyuma amaso yawe uyagumize kuri yo kugira ngo ushobore kumenya no kwumva

inzira Mpwemu Yera akuyoboreramwo kugira ngo ushikire abandi wongere ubabere umugisha.

Ico ugomba ko kiba ku bandi bantu, Imana izotuma na we kikubako. Igihe ufise ubukene kanaka, ba umuntu “abona imbuto” ntube uwubona ubukene muri ivyo. Ibi bisobanura ko uramvurira ukuboko kwawe abandi bantu, maze Imana ikakwakira nk’imbuto itewe kubw’umwimbu wipfuzza kubona mu buzima bwawe.

Umuntu wese aripfuzza gutunganigwa, ariko turakwiye kumenya ico ugutunganirwa kw’ukuri gusobanura. Jewe nkunze kubisonura ko ari uburyo bwo gukoresha ubushobozi bw’Imana kugira ngo umare ubukene bwose buri imbere yawe. Urukundo rw’Imana ruzogushoboza gushira ivyo abandi bakeneye imbere y’ivyo wewe ukeneye. Mbega woba wibaza ko Imana igukunda urukundo rukwiriye ku buryo ushobora kugenda mu rukundo, ukagenda ugashikira na barya bantu bitoroshe ko umuntu ashobora kubakunda: ba bandi badafise igikundiyo canke bama bijiriwe?

Gukunda uwugukunda ntibisaba inguvu nyinshi. Ariko dutegerezwa kugira ubuntu bw’Imana kugira ngo budushoboze gukunda n’abo batagira igikundiyo. Urukundo rw’Imana rutemba muri twebwe ruzobidushoboza kuko urukundo rwayo rudashingiye ku kintu na kimwe. Twaruherewe ubuntu kandi dukwiye kurutangira ubuntu. Urukundo ntirwigerera ruheba abantu canke ngo rubatererane. Birashobora gutwara umwaka. Birashobora gutwara imyaka itanu. Birashobora gufata imyaka mirongo ibiri n’itanu, ariko kandi birakwiriye. Ni vyaba bikugora kwihanganira canke gukunda umuntu agoye gukunda, uce wibuke ibihe Imana yabandaniye kugukunda igihe yari irindiriye ngo uyihe akanya ishobore kuguhindura.

1 Korinto 13 haratubwira ko urukundo rwihangana, rugira neza, kandi rwicisha bugufi. Ntirwironderera ivyarwo, ntirwiciraho

canke ngo rubabazwe n'akantu kose kabaye. Ivyo bintu vyose biranga urukundo ni vyo Yesu yasutse muri twebwe biciye mu rukundo rwiwe kandi turashobora kubikorera abababaye, abantu bazimiye banyoterewe urukundo rw'Imana mu buzima bwabo.

Imana iragukunda kandi igakunda n'abo bantu bari hafi yawe. Irabakunda, boba barakijijwe canke boba batarakizwa, kandi irashaka gukoresha wewe nk'umugende usuka urukundo rwayo. Ntutinye gutera intambwe. Urukundo rw'Imana ni rwo rukubohora rukagukura mu bwoba no mu gutsindwa n'urubanza, kandi yaraguhaye ubushobozi bwo gukunda. Ukwiye kuba inshirwarimenetse mu gusangira n'abandi urukundo rw'Imana. Ushobora guhera mu kuba umugenzi w'abandi bantu. Shira ku muzirikanyi ukubera abandi umugenzi maze ubere umugisha abantu bose aho uzoba uri hose.

Ukwakira abantu mu rugo rwawe ni uburyo bumwe bwo kwerekana urukundo, cane cane ku muntu yihebuye canke acitse intege. Tumira abo bantu i wawe musangire. Saba abantu kukugendera. Ramukanya n'abantu maze ubatwengere. Gumbira abantu canke ubabwire akajambo kabakomeza. Fasha abantu mu buryo buboneka nko kubunguruza mu modoka yawe. Egera umukozi mushasha ku kazi maze umufashe kumenyera igisagara ni yaba atakimenyereye. Hariho ico Imana igomba ko ukora. Kirashobora kutaba ari ikintu kinini canke gihambaye kuri wewe, yamara ku Mana ni ikintu gihambaye. Abantu bara se ikimazi imbere y'Imana! Hariho abantu ata wundi yobashikako kiretse wewe gusa. Saba Imana kukwereka inzira ukwiye gucamwo ngo werekane urukundo rwayo, maze na yo izokwigisha.

7



URUKUNDO RW'IMANA RUZOGUHINDURA

Iki ni co kirimw'urukundo, s'uko twebge twakunze Imana, ariko n'ukw'ari yo yadukunze, igatuma Umwana wayo kuba impongano y'ivyaha vyacu." - 1 YOHANA 4:10

Imana iradukunda, ariko kandi sinibaza ko benshi muri twebwe vy'ukuri batahura ingene urukundo rw'Imana ruhambaye canke ingene Imana idukunda. Imana yaranyeretse igihe nariko ndiga kuri iri jambo, ko iyaba twari tuzi vy'ukuri i bwina muri twebwe ingene Imana idukunda, twoba abantu batandukanye n'uko dusanzwe twigenza akenshi.

Rimbura ku rukundo Imana igufitiye. Ico ni co gishobora kuguhindura. Ni haba hariho ikintu udakunda mugabo kiri kuri wewe, ukumenya mu kwizera ko Imana igukunda mu gihe ukirindiriye ko ikorera muri wewe bizogufasha kunezererwa urugendo. Ni waba wama ubabazwa n'amakosa yawe, biragoye ko ushobora ivyo. Ni wibuke ko Imana ikora iciye mu kwizera, kandi ukwizera kw'ukuri gutuma twinjira mu karuhuko k'Imana (raba Abaheburayo 4).

Hariho abantu bamwe bamwe badafitaniye imigenderanire

myiza n’imitima yabo. Ubwabo ntibikunda mbere birashoboka ko biyanka ubwabo. Ni waba uriko uranigana n’uko wiyumva, nashaka kukwibutsa ko ushobora kwanka ibintu bibi ukora, mugabo ntukwiye na gato kwiyanka. Yesu yaragupfiriye kubw’urukundo rwiwe rwinshi, kandi arashaka ko wakira iyo ngabire yayo ihambaye.

Bibiliya ivuga iti: “Kuk’uko yiyumvira mu mutima ari kw’ameze” (Imigani 23:7). Ni waba wumva wama wigaya umwanya wose, wiyanka kandi utazi ingene uri umuntu adasanze, ntuzogira amahoro n’umunezero uva muri wewe, kandi umwifato n’ibikorwa vyawe bizovyerekana. Ivyo ni ukubera y’uko utaracakira mu mutima wawe ukuri kw’ubushobozi kandi guhindura ubuzima kuvuga ko Imana igukunda kurusha wewe uko ubizi.

Imana irashima ko ubana na yo imisi yose. Ico ni co kizoguhindura. Igihe utazoshira Imana imbere, uzoba uyishize mu kibanza itazoshobora kugukorera ico ishaka kugukorera. Ni muri uyo mwanya wo kubana n’Imana, kuyikunda no kuyireka ngo igukunde, uzotuma ushira amanga, ugakomera kandi ugakura.

Abantu benshi baratanga ivyitwazo vy’igituma badafata umwanya uhagije ngo bubake ubucuti bukomeye n’Imana. Bariyifuza kugirirana n’Imana ubucuti bukomeye, mugabo ntibiha indero canke ngo bihe imigenzo myiza ituma bashobora kuronka umwanya wo kwiga Ijambo ry’Imana no gusenga. Ni waba ufise iyo ngorane, senga usabe Imana kugufasha kugira ngo ushobore kugira umugenzo mwiza wo kubana n’Imana imisi yose. Ni co kintu ciza kurusha ibindi dushobora kuronka!

Urukundo rw’Imana ruzoguhindura. Uko uzoba mu rukundo rwayo ukarumenya igihe cose, uzobona ko ivyo wahora wipfuzaga bizagenda birahinduka. Uzoca wipfuzaga gusa kubana na Yesu, wa wundi agukunda. Ukumenya no gukomeza ishusho y’Imana mu

bugingo bwacu bikwiye kutubera umwatwarariko twogira imbere y'ibindi bintu vyose. Paulo yavuze ko intumbero yiwe nyamukuru ari ukumenya Kristo no kumenya n'ububasha bw'ukuzuka kwiwe (raba Ab'i Filipi 3:10). Aho urabona neza ko Paulo yavuze ko ata kindi kintu ashizeko umutima.

Ndagomba kugutera intege kugira ngo ukomeze imigenderanire yawe n'Imana. Urashobora kwegera Imana uko ugomba kwose; vyose biva ku mwanya ushaka kubishiramwo.

Bibiliya ivuga ko turi abaserukizi b'Imana kandi ko Imana yinginga isi icye muri twebwe (raba 2 Ab'i Korinto 5:20). Uyo murongo urankora ku mutima kandi ukantera kumenya mu buryo bushasha ko ari ngombwa ko dukurikira uburongozi bwa Mpwemu w'Imana akorera muri twebwe, akama aduhindura kugira ngo dushushanywe n'intumbero y'Imana. Urukundo rw'Imana rusukwa mu mitima yacu na Mpwemu Yera (raba Abaroma 5:5). Rwakire, runezererewe, kandi urureke ruguhindure!

KU NGENA KA VUTOMI LERIMPSWA



Baho ubugingo busha ni waba utarakira Yesu ngo akubere Umwami n'Umukiza, ndaguhaye kaze kugira ngo ubikore muri aka kanya. Senga rino sengesho n'umutima utarimwo uburyarya hanyuma utangure kubaho ubuzima bushasha muri Kristo, ubwo Imana igufitiye.

Mana Data, ndizeye ko Yesu Kristo ari Umwana wawe, Umukiza w'isi. Ndizeye ko yampfiriye ku musaraba, kandi ko yikoreye ivyaha vyanje vyose. Yarazutse mu bapfuye, ivyo bituma anesha urupfu na kuzimu. Ndizera ko Yesu ari muzima uyu musu kandi akaba yicaye i buryo bwawe. Yesu, ndagukeneye.

Mparira ivyaha vyanje, nkiza, uze kuba muri jewe. Ndagomba kubaho nganzwa na wewe. Urakoze kunkiza no kumfasha kubaho ubuzima bushasha kubwawe.

Ni wizere rero ko ubu Yesu ari mu mutima wawe. Ni wizere ko wababariwe, wagizwe umugorotsi kubw'amaraso ya Yesu, kandi ko umusi umwe uzoja mw'ijuru. Rondera ishengeru ryiza ryigisha Ijambo ry'Imana maze utangure gufatanya na ryo kugira ngo ushobore gukurira muri Kristo. Mu bushobozi bw'urukundo rw'Imana no mu mw'Ijambo ryayo rikorera mu bugingo bwacu ni ho dushobora guhindukira. Kubw'ivyo rero ni ivy'ingirakamaro ko tumenya ukuri kw'Ijambo ry'Imana. Muri Yohana 8:31-32 havuga ngo, "Ni mwaguma mw'ijambo ryanje, mur'abigishwa banje vy'ukuri; kandi muzomenya ukuri, kand'ukuri kuzobaha kwidegemvya."

Noguhanura rero gucakira Ijambo ry'Imana maze urishinge i bwina mu mutima wawe, kandi nk'uko tubibona mu 2 Ab'i Korinto 3:18, ni wasesa mw'Ijambo ry'Imana, uzohindurwa ushushanywe

n'ishusho ya Yesu Kristo.

Nogusaba rero ko wonyandikira ukambarira ko wemeye kwakira Yesu, maze nzoca ndakurungikira igitabu kicurangira ingene ushobora gutangura ubuzima bushasha muri Kristo.

Mu rukundo,

Joyce

AMASENGESHO YO KWAKIRA AGAKIZA



Imana iragukunda ishaka ko igira imigenderanore na wewe. Nimba utarakira Yesu nk'Umukiza, urashobora kubikira ubu nyene. Ugurura gusa umutima wawe, hanyuma ugire iri sengesho.

“Data, ndazi ko nagucumuyeko; nyeza. Ndemeye kirongorwa na Yesu, Umwana wawe. Ndazi ko yapfiriye ku musaraba yongera arazuka mu bapfuye. Huri huyu mwanya nyene ndamuhaye ubuzima bwanje.

Urakoze Data kumparira no kumpa ibizima bw'ibihe bidashira. Mfasha mbeho kubwawe. Nimw'izina rya Yesu, amina.”

Nkuko uhejeje gusenga bivuye ku mutima, Imana irakwakiriye, igukuye mu nzira y'amahonero.

Fata umwanya wo gusoma n'ukwiga ibi vyanditswe, hanyuma usabe Imana ivugane nawe muri iyi nzira y'ubuzima bwawe bushasha.

Yohana 3:161 Ab'ikorinto 15:3-4

Abanyefeso 1:4 Abanyefeso 2:8-9

1 Yohana 1:9 1 Yohana 4:14-15

1 Yohana 5:1 1 Yohana 5:12-13

Senga wongere uyisabe igufashe kuronka ishengeru ryemera Bibiliya kugira ngo ubandanye ugira imigenderanire na Kristo. Imana iri kumwe nawe imisi yose. Izokurongora buri musi yongere ikwereke ubuzima bwiza igufitiye.

IBIJANYE N’UMWANDITSI



JOYCE MEYER ni umwe mu bigisha bazwi cane kw’isi mu kwigisha Bibiliya mu buryo butahurika neza. Uwo mwanditsi yarashimwe n’ikinyamakuru citwa New York Times nk’umwe mu banditse ibitabo vyagurishijwe cane. Ibitabu vyawe vyarafashije amamiliyoni y’abantu mu kuronka ivyizigiro no gukomezwa muri Yesu Kristo. Abicishije mw’ishirahamwe ryawe ryitwa Joyce Meyer Ministries, uyo mwanditsi arigisha inyigisho zitandukanye zifatiye ahanini ku kugene abantu bakoresha ubwenge, umunwa, inyifato n’ivyiyumviro vyabo. Kubera yuko ari umuntu avugisha ukuri ku vyamubayeko mu buzima bwiwe bituma n’abandi bamwigirako mu buzima bwabo. Joyce Meyer amaze kwandika ibitabu vyababa 100, bimaze guhindurwa mu ndimi 100 nyene. Buri mwaka aragirisha amakoraniro yoba ashika 12 haba mu gihugu ciwe ca Amerika canke mu bindi bihugu, akigisha abantu ko bakwiye kunezererwa ubuzima imisi yose. Mu myaka 30 iheze, yama akoresha ikoraniro ry’abakenyezi uko umwaka utashe. Abarenga 200.000 baramaze kwitaba ayo makoraniro mw’isi yose. Kubera y’uko Joyce Meyer afise umutwaro wo gufasha abantu bababaye, vyatumye atanguza irindi shirahamwe ryitwa Hand of Hope (ukuboko kw’ivyizigiro), iryo na ryo ni nk’ukuboko kw’ishirahamwe Joyce Meyer Ministries, rigafasha mu gushigikira ibikorwa vy’ubutumwa bwiza mw’isi, atibagiye n’igisagara asanzwe abamwo ari co Saint Louis, muri Amerika.